Абы папщIэ и зэманкIи, и кьаурыкIи, и акъылкIи, и мылъкукIи зыхуэзэфIэкI цIыхуу пашэ щыIэн хуейр. Ди Iуэхур ипэкIэ кIуэтэн щхьэкIэ, а Iэнатlэм, акъылыншагъэ зыхэлъ пэрыбгъэхьэ хьунукъым. Мы къэралым и лъабжьэ ущIэтыпхьэщ, ауэ лыгъаи пхэлъу узыхуейр пхыбГэхькIыфу щытыныр Iэмал зимыIэщ. КъэралкъулыкъущIапIэхэм пэрытхэм лъэпкъ Iуэхур бедзэжьлыуэ зэрамыхуэфми, ДАХ-м и жэрдэмкэр утыкуэхуэхэм нрихьэфу щытыпхъэщ.

ЗегурыIэныгъэр гъагаплэ удэхьэщ IэмэнсымэфIщ. Зыр зы лъэныкъэкIэ еIэу, адрейр нэгъуэщIыпIэкIэ екъуакIэ, ди мурад кьыдэхуэкIыну кьым. Ди лъэпкъым и кьеIуэкIыкIам мыхьумыщIагъэу хэлъыр хэдгъэкIыу, дерс тхуэхьуаэр кьэщтэныр игъэщI.

- Iуэху щыIэщ, лэжьыну жэрдэм зиIэ кьытхэкIмэ...

- ДИзщ, псом япэу къэзгъэлъэгъуэнэр бзэм зегъэужьынырщ, хъумэныр, зэгурыуэ, КъБР-м ис лъэпкъхэм я бзэхэм теухуа законыр, щыхуу 15-м сэ сранэхьыжьу, зы илъэскIэ дезэжьри, зэхэтIыхьауэ щытащ. Урысеймэ хамэ къэралхэми щыIэ бгъэдихьэкIэхэр зэдгъэщIэри, зэхэдгъэуващ унафэр икIи гъуэ зэуэщIащ илъэсиплI кIэ зэрылэжьэн хуей планыр. Анэдэлъхубзэм иф1эхэть куэд иттхат абы, уеблэмэ зэрыгъэпсыгъуэ, зэгурыуэ щхьэр адыгэбзэкIэ щыпхъагъэкIын хуейуэ. Законым иджыри кьару иIэщ, гъэлэжьын хуей кьудейуэ аращ. Ар и пьабжьэу Iуэху куэд кьызэригъэпэщ хъунущ ДАХ-м.

Ди лъэпкъыр щыкIу щхьэкIэ, дэ мащIэ дыдэхэми дащIащхьэм. Мелуаи 7 иСщ, кьапщтэмэ, Тыркум. Мы дунейм лъэпкъ 200 хуэдиз тетщи, 50-ращ адыгэхэм нэхъ р нэхъыбэр. Абы тепщIыхьмэ, дымащIэкъым, ауэ дызэбгрыдзащ.

Бзэр ди Iэмыщ1э итыжьщи, ди кьару зэретхьэлIэрщ и кьэкIуэпуэ зэпыгъэуэ щытынри. Мыбы мыхьэнэшхэ зэрриIэр кьыдгурыIуэн хуейщ. Япэрауэ, къэрал куэдщи щинхъуэхьа дыдэ, адыгэхэр зэрыщIэзгурыIуэмрэ зэзыпхымрэ аращ. «Ар здынэсыр КъалэкIыхьырщ», - жызыIа акъылыншэ гъэр щыIами, нобэ фепIытеIуэ: **Елрэ, зы пхырыщIыхьэпсалъэ бзэщ, къэрал 50-м, дунейм и Iыхьэ пIлаIэм, щоIу ди анэдэлъхубзэр.** Хамэ къэралэ щыIэсу щIалэхэм хэкум щыщ пщащэ кьашэну щIахъуэпсапIэр сыт? Я бынхэм адыгэбзэ яцIэу кьэхъуну хуейщи аращ.

Щхьэж зэрыхуэзэфIэкIыу пэщIэтщ мы гугъуехьым. Сэ сыщыщIыкIум хьэблэ псом адыгэ сабиищ дыдэсу арат, иджы ди унэшхуэм адыгэ защIэщ щIэсыр. Пашащ и нэгъуэщI районхэм хьэблэ псо щыIэщ, адыгэ фIэкIа дэмысу. КIуэтэху нэхъыфI хьулым и дзрэ и бзэмк и Iуэхур. Анэдэлъхубзэр хокIуэдэжь жызыIэхэм акъылэгъу садэхъуркъым сэ, ди гъунэгъу щыт дгеI хадэм щыIыхьэщхьэкIэ сихьа нэхъ, нысащIэ щыкIуэхэм я бынхэм адыгэбзэкIэ йопсалъэрэ итщ. Ди бынхэм ар ящыдгъэгъупщIэжьыщ, абы и зыужьыныгъэм егупчуи диIамэ.

- Владимир, уэ кьыдзэрыпльытэмкIэ, сыт хуэдэ зэпыщIэныгъэ я зэхуакIэ дэтхьэм хуеир ящыдгъэгъэ зэгухьэныгъэмрэ (ДАХ-рщ иджыпсту зи гугъу тщIыр) кьэралыгъэ властымрэ, дауэ ар я зэрызэдэлэжьэн хуейр?

- ДАХ-р жылагъуэ зэгухьэныгъэу щытми, КъБР-м и Правительствэм и нэIэ щIэтын хуейщ, зэгъуэгъуэ, зэгурыуэу зэдэлэжьэныр Iэмал зимыIэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, джатэ кьихакIэ жылагъуэ Iуэху зепхъэ хьунукъым, кьэралым, республикэм я хабзэхэр кьыззэпыбуду. Иджыпсту, кьапщтэмэ, ди республикэм и Iэтащхьэр хьэрыкIуэ хэтщ ди Iуэхум, дыкъыгуроIуэ, гулъытэ кьытхуейщ. Арыншыуи хъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Кьаныкъуэ Арсен ди республикэм и мызакъуэу, дэнэ щыIэ адыгэми я Iэтащхьэу ябж. Аращи, абы и псалъи, и чэнджэщи, и IуэхущIафи дыхуэныкъуэщ.

ДАХ-м хэушIэн куэд щыIэщ властыр хэмыту, ауэ КъБР-м и Iэтащхьэр. Правительствэр хэмыту пхуэзэфIэмыгъэкIынхэрэ гъунэжщ. ЩIыпIэ унафэщIхэм я мызакъуэу, федеральнэ властри ди щIэтынхэуэну щыхьэрыхуэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, республикэм деж щыпхуэзэфIэмыхьну куэдым дрохьэлIэри, Урысеим и Iэтащхьэхэм защIыхуэдэ гъаэзи щыхьу. Сэ кьхъэзэрыстыгъэкIэ, лъэпкъым и гуныкъуэгъуэри гугъуэхьи жылагъуэ зэгухьэныгъэ уэ тхуэгъэзэжьу, кьыдэзэпыкъупхъэхэм я кьаурр зэгирГэуIуэрэ Iуэхур игъэкIуэтэн хуейуэ аращ.

- Упсэу, Владимир, лъабжьэр быдэмэ, щхьэкIэр лъагэщ жаIэ, уи Iуэху епльыкIэм фыми дыщегъэгугъри, Тхьэм къыдигъэхъулIэ!

Епсэлъар **НЭЩIЭПЫДЖ Замирэщ.**

Адыгэ щIалэр. *Сурэтыр* Штерн Берихард *ящIащ.*

БЕЩТОКЪУэ Хьабас

Бзэр тIэщIэкIмэ, дылъэпкъхъым.
Акъыл ин хууэмей
Къыбгурыуэу а тIэкIур
Утетыну дунейм.

Бзэм и макъхэм ди тхыдэр,
Ди хъыр, ди псэр хэпщащ.
Бзэр тхъуэмэу зымыдэр
Ди биям кьагъэщIащ.

Бзэр тIэщIэкIмэ, досыкIыр,
ТIыщIэкIами дрикъунт.
КIуа лъэщIыгъуэм лъыкIпсыкIым
Хипщэжар сыт хъужьи.

Бзэр тIэщIэкIмэ, докIуэдыр,
Лъы зыщIэтыр фIысакъ.
Псы зыщIэтыр текIуэту,
ВгъэIу бзэ хуабэм и макъ.

● Ди псэлъэгъуэр

Дунейпсо Адыгэ Хасэр мыхъуамэ, апхуэдэу быдэу дыззэрыубыдыжынутэкъым

Дунейпсо Адыгэ Хасэр хьэзэрызэрагъэпэщрэ блэкIа млъэс 21-м унафэщI зыбжанэ зэрирхьэкIащ. Къэралыгъуэ дыдэм щыкIуэм а адыгэхэр зэгухьэныгъэм 2006 - 2009 гъэхэм и тхьэмадэгъуэ щытащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик Дзэмыхь Къасболэт. А лъэхъэнэм хэзэгъэкIын хэкурысхэмэ яфI зыхэлъ лэжьыгъэ куэд иригъэкIуэкIащ Дзэмыхьым, абы пльандэрэ дэкIа зэманым IуэхугъуэщIэхэр кьыздикьащ. А псори зэпипльыту, мукьырей лъэхъэнэм хьэзэр зи уплъэкIунымрэ лъэпкъыр зыгъэпIейтей Iуэхухэмэ кьытхуэпсалъыхьыну дельэIуащ абы.

- Къасболэт, ДАХ-м и IX Конгрессым блэкIа илъэсищым ищIа лэжьыгъэр, къыщыщIыгъэнущ. Абы нэхъ жьджэру хэтахэм уэ уащыщ. Сыт къеуIуплъ, сытым хунэмысу къэна, уэ узэрепльымкIэ?

- БлэкIа илъэсищым ДАХ-р зи ужь ита Iуэху куэд зэрызэфIигъэкIыфам тепщIыхьмэ, мы пIалъэр купщIафIэ хъуаэу жыпIэ хъунущ. Япрауэ, лъэпкъым епха Iуэхугъуэ куэд щыIэщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэр зэрарауэрэ нобэр кьыздэсым Iыхьэ-Iыхьэурэ фIэкIа гъэзэщIа мыхьуу. Мис абы щыщ куэдым хэлъхьэныгъэфIэкIэр хуащIащ дызытепсалъыхь пIалъэм кьриубыдэу лэжьакъым. Хасэм ищIахэр щыщIыппщIэжькIэ, ящэу къэгъэлъэгъуэн хуейр, сэ сызэрелIыжькIэ, абы хьэхэ хьэдамэхэм зэфIагъэкIаIэхэр. Хамэ къэралхэм исхэмрэ хэкурысхэмрэ я гъэщIэ къыт Iуэхугъуэмэрэ я зэзэщIэкъым, Iуэхугъуэ кьыгуроIуэ, гулъытэ кьытхуейщ. Арыншыуи хъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Кьаныкъуэ Арсен ди республикэм и мызакъуэу, дэнэ щыIэ адыгэми я Iэтащхьэу ябж. Аращи, абы и псалъи, и чэнджэщи, и IуэхущIафи дыхуэныкъуэщ.

ДАХ-м хэушIэн куэд щыIэщ властыр хэмыту, ауэ КъБР-м и Iэтащхьэр. Правительствэр хэмыту пхуэзэфIэмыгъэкIынхэрэ гъунэжщ. ЩIыпIэ унафэщIхэм я мызакъуэу, федеральнэ властри ди щIэтынхэуэну щыхьэрыхуэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, республикэм деж щыпхуэзэфIэмыхьну куэдым дрохьэлIэри, Урысеим и Iэтащхьэхэм защIыхуэдэ гъаэзи щыхьу. Сэ кьхъэзэрыстыгъэкIэ, лъэпкъым и гуныкъуэгъуэри гугъуэхьи жылагъуэ зэгухьэныгъэ уэ тхуэгъэзэжьу, кьыдэзэпыкъупхъэхэм я кьаурр зэригъэIуэрэ Iуэхугъуэ игъэкIуэтэн хуейуэ аращ.

- Упсэу, Владимир, лъабжьэр быдэмэ, щхьэкIэр лъагэщ жаIэ, уи Iуэху епльыкIэм фыми дыщегъэгугъри, Тхьэм къыдигъэхъулIэ!

Епсэлъар **НЭЩIЭПЫДЖ Замирэщ.**

Дзэмыхь Къасболэт

Си гугъэмкIэ, дяпэкIэ зэхашэну ДАХ-м и Гъэзэщ1экIуэ гупым щIалэгъуаэ нэхъыбэ хэдгъэхьэмэ, зэманым нэхъ дыльэщIыхьэу, зыужьыныгъэм лъэбакъуэ нэхъ псынщIэкIэ дыхуэкIуэнущ. Сэ жысIэрэкъым нэхъыжьыуэхэр хэтын хуэмеIуэ, зи щIалэгъуэхэри ахэр зыгъэIэуIыныхэри я пашэу зэфIэгъэуIуэн хуейщ. ФIыщIэ яхуэщIыпхъэу кьызолытэ Сирием кьикIыжхэр кьегъэблагъэжьнымкIэ, я дэфтэр Iуэхухэр зэфIэгъэхьэнымкIэ, псэупIэхэр кьхъэзэрэщIыщIэнымкIэ Iэмал Iуэхущхьэу езыгъэкIуэкI хасэ тхьэмадэхэми, ДАХ-м и Iуэхущ1апIэм щIэс лэжьакIуэхэми, абы зи мылъку хэзыльхьэ кьулыкъущIэхэми, хьэрычэтыщIэхэми.

ДАХ-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэр кьизымыдзэ, абы зыри имыщIэу щытэхьэкIэ щIыхьэр щIыIэщ. Абы ищIэмрэ и мыхьэнэмрэ кьыбгурыIуэн щхьэкIэ, абы гъэнэгу зыхуэпщIын, и лэжьыгъэм ухэтын хуейщ. Хьарзынэ хъунут зи щхьэр мафIэм кьыхэзыхьжа ди лъэпкъэгъуэхэм цIыху нэхъыбэм зыщIагъэхъуамэ.

- ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 щрикъум зэхэсыщхуэ екIуэкIащ, абы я кьеIуэкIыкIам теухуа кинофильм трахащ. Абы ирихьэлIэу уэрэ сигъэхьэзырыуэ щытащ «Упсэлъ Адыгэ Хасэ, 1991 - 2011» тхыльыр, тхыгъэхэрэ документхэмрэ щыщэхуэхьэсэр.

- Мыхьэнэщхуэ иIэу къэтIылъэтри, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм и жьпIэр, и инагъыр, и мыхьэнэр зэхэзыгъэлъагъуэ дэфтэрэхэр щыщIэзыгъэсыжьу «Упсэлъ зэхэдгъэуващ. Абы итщ Iуэхуу кьетхьэжьаи, едгъэкIуэкIам щыхьэт техуэу дэфтэрэхэм я оригиналхэр. Къапщтэмэ, Хасэм зауэгъэ адыгэхэм я дежкIэ Iыапсэрэхьу зэрыщытар, абы ипкъ иткIэ, ахэр кьэрал куэдым зэрыщIэщIыкIуэр къэлъытатхъэу кьыптщохьу. Зи гугъу щIащ хуэдэ гъэзэжгъуэ зи щхьэ кьрикIуэ лъэпкъэхэм яIэщ ахуэдэ. Псалъэм кьыдэкIуэу кьыпIэмэ, Уэсмэн пащтыкъэгъуэм и лъэхъэнэм ермэлыхэм я щхьэ кьрикIуэр кьэралэ куэдым кьащтащ, ЕтIуанэ дунейпсо зауэми журт лъэпкъым якIпъкъ ящIа бзыльхьэр дэфтэрхэр щIэгъэзыбдащ. Адыгэ лъэпкъым ипсэрыхьэ къызэрихуэкIуар кьащтэну зыхэзыгъэкIмэ кIуэдым зауэдэхэщ. Мис абы теухуа документхэр итщ тхьылъым.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и мыхьэнэр къызэрымыкIуэу иищ. Ар щымыIамэ, иужьрей лъэхъэнэм адыгэхэм я зауэкIуэ кьыдэхуэ зэрыубыдыныгъэр апхуэдэу быдэу щытынутэкъым. Абы папщIэ я къэру щымысыжьыу лэжьащ абы хэтхэри, фIыщIэшхуэ яхуэфащщ.

Епсэлъар **ШЫПIШ Даянэщ.**

«Хэку» зэгухьэныгъэрщ лъагъуэ пхышэр

Къэрал куэдым щикъухьа адыгэхэр зэрыщIэным, хуэм-хуэмурэ зэрыубыдыжьынымрэ ящIа дыдэу телъэныкъым щIэхьэдзаар «Хэку» урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэрщ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр ди хэкуэгъуэр ди къралым кьешэжьынымрэ, абы и кьалэн нэхъыщхьэр ди хэкуэгъуэр ди къралым кьешэжьынымрэ зегъэужьынымрэ, кьэIэпхуэжьэмэ ядэIэпыкъуныр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр зи ужь ит Iуэхухэм я кьежьапIэ хъуащ илъэс щэныкъуэ и пэ кьызэIуахауэ щыта а жылагъуэ зэгухьэныгъэм пщэрыль зыщIидыжьаэр. Нобэ ар КъБР-м щолажьэ Урысейм и нэIэ щIэту, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я щэнхабзэ зэтрилууэрэ, пшахъуэм хуэдэу щыпIэ куэдым щыхэбграпхъа адыгэхэм я щIэблэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэныр, кьэIэпхуэжьэмэ ядэIэпыкъуныр.

Хэку» урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщI **НэкIацэ Владимир** зигу имылъхэри, я лъэпкъэгъуэм зыпащIэныр кьыщIэфIмыкIуэу хэкурысхэри. Зэманыр кIуэурэ, куэдым жэхэр нэхъ зэIуахащ, зэкIэлъыкIуэ, зэрыщIыкъуэ дыхъуащ. СССР-р щыщIыпIэм щыIэ «Хэку» зэгухьэныгъэм и закъуэт а Iуэхум хуэлажьэ. Нобэ Къэбэрдейм и закъуэ хасэу 10 итщ. Ауэ а псомэ я щхьэр ДАХ-ращ. Ар кьыщIэзэрагъэпэщ зэлыфIыхьыхьэм ящIыщ «Хэкур» зезыхьахэр, абыхьэм фIыуэ ящIэрт Iэмалхэрэ зэкIэпIэхэрэ.

Лъэпкъ кьэс зы гупсысэ пыуIыкIа гуэрым тету мэпсэу. Къэрал куэдым ис гупсысэхэр зэрыщIэрыуэм, зэпыщIын хуейуэ аращ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и пащхьэ кьиуэ я кьалэн нэхъыщхьэр. Хьарзынэ къэралхэр зи хэщIапIэхэм зы жаIэу, Тыркум щыпсэхэу нэгъуэщIым тету, Америкиэм исхэр Урысейм зэрыщIадзауэ щытмэ, яIыгъыу уэрамым кьыдыхьэу зэхэткIэ, зы дыхьэужьныкъым. Лъэпкъ гупсысэр зэтриГэзэувэн, хуейщ зэкъуигъэувэн хуейщ ДАХ-м. Зы къэралым ис адыгэхэр нэгъуэщI къэралым щыпсэхэм зэрян дыдэзэрыхьэмыкIуэным нужь дитыпхъэщ.

Урыс-Кавказ зауэжьыр щыIащ, бэлыхь куэди кьыптхуихьащ, ауэ нобэ кьэкIуэнум дегупсысын, щIалэгъуэлэр ягъэплъэн хуейщ.

Къэзыгъэзэжахэм я клуб

«ХэКУ» зэгухьэныгъэм и кьудамэ щхьэхуэу ди Iуэхущ1апIэм щолажьэ Къэзыгъэзэжахэм я клубыр. Абы и лэжьыгъэр зэгъэщIылIар зи адэжь щIыналъэ кьэкIуэжу псэупIэ зыщIыжу зыгуэрыуэу а щIыналъэмрэ зи щIыналъэ щIыналъэ зэрыщIэзгурыуэмрэ зэзэпыкъупхъэхэм я кьаурр зэригъэIуэрэ Iуэхугъуэ игъэкIуэтэн хуейуэ аращ.

Иджыпсту абы унагъуэ 60 хуэдиз кьызэщIеубыдэщ. Нэхьыбэу зэфIагъэкIыр сыт жыпIэмэ, езыхэр гуфIэгъуэ гуэзвэгъуэ щIэкIэ зэрощIэ, дэIэпыкъуэгъуэ хэкурысхэм зэщIагъэкъуэ, чэнджэщэмкIэ, хабзэм теухуа IуэхуэхэмкIэ зэдогуашэ. КьызэгъэщIыпхъэщ ахэр жыпIауэ, я кьэрал Iуэхуэхэм жыджэру зэрыхэтыр, Налшык щеджэ студентхэм зэрякIэлъыплъыр. КьиущIыжащIауэ, хабзэр кьызэпызыуди, кьыгурэ кьэзыгъэхьеи, гъунэгъум гуфIыкIуэ яхэткъым. Ар и щапхъэ хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэрызэгурыуэм, зэнэзэпсэу зэрызэдэпсэум.

Клубым хэтхэр кьызэрыкIуэжрэ я ахъшэм кьыщIэкI уиIэжрэ кьащIэурэ щIэтIысхьэжа мыхьумэ, кьэралым зэи ельэIуакъым. Иджы я бынхэр нэхъ кьыдэкIуэтещ, я псэупIэхэр нэхъ ин ящIын хуейщи, илъэситI мэхъу КъБР-м и Iэтащхьэм зэрызыжьагъаэзэрэ щIы кIапэ яхуихьаныи, зэкIэ жауап щIыжьыкъым. Ахэр хуейт, щIы хупачамэ, хьэблэ цIыкIуу зэхэтIысхьэжьыну, я унэхэр езыхэм яухуэжьыну.

Зи гугъу тщIы ди лъэпкъэгъуэхэр зыгуэрым игъэгуэвэу е кьрахужьжьэжу кьэкIуэжауэ араксым, атIэ Урысейр фIыуэ я лъагъуэ, я дэныхь ирагъэзэу, щыпсэхэм я кьызыщIэкIын ахъшэ яIыгъыу кьагъэзэжащ.

Бзэр, диныр, щIалэгъуалэр

- ГУГъУЩ адыгэ лъэпкъым гухуэлэжьэну. ИтIани, абы я кьаруи, я мылькуи халъхьэу мэлажьэ ДАХ-м хэтхэр, ягъэ ирагъыпхъэхэр ящIыхьауэ. Сэ си гупсысэкIэм тепщIыхьмэ, лъэпкъыр кьызэрыпщIыхунур и бзэрщ. Лъэпкъыр лъэпкъыу кьызэтенэн папщIэ и бзэр лажьэу, Iульдж нIэу щытыпхъэщ. Ди жагъуэ зэрыхунши, хамэ къэралхэм щыIэ хасэхэм тэмэму адыгэбзэр щатъэщэрыуэрэкъым. «Сыдыгъэщ, жыпIэу сыт хуэдизу уи бгъэгуи утемыуIуэми, зыми укьыщIэжыкъым, уи анэдэлъхубзэмкIэ умыпсалъэмэ. КьафэджэгуфIэ Кавказым ис псори зэхуэдэщ, псори кьоф, псоми ди фащэр зэрахьэ. Адрейхэм дыкъызэрыхэкIыцхуэкIыну ди бзэращи, ди дыхуэумысакъыныр Iэмал зимыIэщ. Бзэр хъума хъун щхьэкIэ, дэтхэнэ зы адэ-анэми и быным иригъэщIэн хуейуэ аращ. Дэ кьуэжэхэм дыдэсщ, адыгэр куэду дыхэхэсщи, ди деж анэуэ-дэ дыдэу щыщыIагъуэкъым а Iуэхур. Бзэр лэжьэн папщIэ кьэралми республикэми зыри пщэрыпль щыщIын хуейкъым, атIэ дэтхэнэми и щхьэм, и унагъуэм, и быным деж кьыщыщIидзэн хуейуэ арКъуедиIащ. Цыху кьэс апхуэдэу зэмыгупсысыжкъэ, сыт хуэдиз хаси кьызэрэпэщ, упэльэщыныкъым а гугъуехьым.

ЕтIуанэу, ди деж иджыпсту щынэхъ щынагъуэр диным теухуа зэпэщIэувэныгъэрщ. Мис а Iуэхум хэку унафэщIхэм гульытэ хэку хуащIын хуейщ, щIалэгъуалэр мыхьумыщIагъэм демыгъэхьэхыныр, ГъуэгУ зауэ тегъэувэныр ди кьалэн нэхъыщхьэхэм кьыхэлъытапхъэщ.

НэкIацэ Владимир

●Iуэху епльыкIэ

Налшык къалэ, 2012 гъэм жэпуэгъуэм и 20 - 21-хэм ☆ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и IX Зэхуэсышхуэр

Къалэн нэхъыщхьэ

КъБР

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Дяпэ итахэм тхуахьума бзэр дэ Іумпэм тщІымэ, лъэпкъыщІэр кьытхуэкІуаеуэ аращи, апхуэдэ къэмыхъуным псори дыхъуэлэжьхэм хуеиІц. Псом хэмыдзэу бжьыкІэ кьалэнышхуэ я пщэ кьыдохуэ анэдэлъхубзэ ешхыкІыжьхэм. И сабинГъуэм цІыхум зригъэщІар зэи ІэщІэхужьнукьым. ЩІбзлэм адыгэбзэр фІыуэ иригъэлъагъуэ, абы пІунымыгъэтщу дригъэхьэмэ, егъэджакІуэм лъэпкъым кьалэныщхьэ хуэгъэзэщІар кьыдыгкІыр хуеиІц.

Адыгэу хэкум исыр мин 800 хуэдиз дохьу. Бзэр мыкІуэдыж щхьэкІэ, ар гъэлпжьэн, иІэ кьалэнхэм кьахэгъэхъуэн, пэж дыдэу кьэралыбзэу щытын, унагъуэм ильын хуеиІц. ТхакІуэ цІэрыпсуэгъэ Щоджэнщыкіу Алий, КІэрашэ Тембот, Уэхъутэ Абдулыкь, КІыщокьуэ Алим, Мэшбашіу Исхьакь, Тхьэгъэзит Зубер, Іутіыкь Борис, Щэчкьэ Къурэшэн сымэ адыгэбзэр щэрыуэу кьыщІагъэсэбэпыфар, ар абыхэм я адэшхуэ-анэшхуэхэм, нэгъуэщІ нэхъыжьыфІхэм екІуу, нэгъэсаеуэ ялурыльти аращ. НэгъуэщІу жьпІэмэ, я бзэ «кьиригъэхъуапІэр» куут. Ди жагъуэ зэрыхьхьуи, нобэ кьытщІэхьуэ щІэблэм я бзэр ныкъуэщ. Ар зи лажьэри дэращ - нэхъыжьхэрщ. АдыгэбзэкІэ кьыдэжІ газетхэм, журналхэм еджэр мащІэкьым, ауэ ахэр дзэтхьаусыхэу зы адыгэмэ я унагъуэ ихьэркьым. Радиомрэ телевидениерэ а Іуэхум халъхьэфынуэхр нэсу кьагъэсэбэпыну Іэмал яІэкьым. А псори зэрэн мэхъу адыгэбзэр цІыхубэм куууэ кьащтэнымкІэ.

Иджыпсту нэхъыщхьэр дунейм адыгэу тетыр щыІэзыльагъу, я Іуэху щІэзэрыщІэ телевиденэ Налшык е Мейкьуапэ кьыщІэзэгъэпэщынрщ. А каналарэ зэрэзыгъэжьэн хуей щыкІэм и щатхьэ ІэтынэжьщІ щыІэщ. ПІщэдджьжьым лъэпкъ уэрэдэр, кьафэхэр, псысэхэр, театрым иГъэзащІэхэр сабийхэм ябогъэлъагъуэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэмэ ныбжьыщІэхэр дихьхьынщ, бзэр фІыуэ иригъэльагъунущ. Нэтынхэр кьыхэщыпкІыхьэ, кьыгращыгъэ эжьщ щытыпхьэщ. Хабзэр, бзыпхъэр щІэблэм езыгъащІэ тхьылхэми дыхуейщ. ИнтернетымкІэ, телевизорымкІэ анэдэлъхубзэ дерсхэр егъэжьэкІын хуейщ, дэнэкІэ щыІэ адыгэмэ бзэр иджыфІын, зригъэщІэрын папщІэ. А Іуэхуэхэр зэфІэзыхыфІын ІэщІагъэлІхэри ди мащІэкъым.

Нобэ адыгэбзэкІэ псалъэу КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м щыІэ телеканалхэр куэдым яльагъуркъым. Республикэхэм я кьалэ, кьуажэ псоми ахэр нэсын папщІэ, дэ диІэн хуейщ бжьыгъэ телевиденэ льщ. Кьызэрэпэщыжьын хуейщ лъэпкъыбзэхэмкІэ екІуэжьыщ щыта жьлагъуэ-политикэ, литературэ, драмэ, щІалэгъуалэ, сабий, макьамэ нэтын купщафІэхэр. Бзэм и дакатымрэ и ІофІагъэмрэ зыхозыгъэщІэ Іэмэпсымэ льэщу диІа телевиденэр тэмэму льэпкъым хуэгъэзжьэн хуейщ. Бзэм и ІофІагъэм пэуфыфын гурыщІэ щыІэкъым. Ар зэ зыхэпщІамэ, сыт щыгъуи уи Іум, уи гум ильу упсэунущ.

Ди щхьэр кьыщІэдгъэпщІэжьын щыІэкъым, «Нарт» телевиденэ мэлажьэ, жьитІэу. Ар, дэ кьыдэзрытлыштэмкІэ, адыгэбзэ нэтынхэр зэрэщыщыгъэтыхъэм и щатхъэщ. Иужьрей мазэхэм «Нарт-ТВ»-м и нэтынхэм я процент 50-р хьэрпыбзэ хьуащ, абыхэм епль адыгэхэмэ я бжьыгъэм фІыуэ иригъэкІуэн.

ИкІыщыпІэкІэ бзэр гъэжьэбзэнымк ящыкІэ ихьапхъэщ. Сыт хуэдиз хамэ псалъэ кьэдгъэсэбэпрэ, ди бзэмкІэ абыхэм я мыхьэнэхэр кьыдэзрыбгъэльэгъуэн диІэу? Девгъэпльыт, бжьыгъэхэр, махуэщІэхэр, мазэщІэхэр адыгэбзэкІэ жьитІэу пІэрэ? ЖьпІэрыкьым. АтІэмэ, «Адыгэ псалъэ» газетым бзэм хигъэхьэжащ псалъэ 300-м щІигъу, ящыныкьуэ щІэныгъэлІхэм ар кьыштхуамыдэмэ. Уи щхьэм пщІэ хуумыщІыкІэ, хэт кьыпхуэхъущынр? Уи бзэмкІэ кьыпхуэІуэтэну гупшысэр хамэбзэкІэ щхьэ жьпІэн хуей?

Мыри дигу кьоуэ: зэкъуэсу адыгэхэм диІэр мащІэщ. Уи Хэкур, бзэр, хабзэр фІыуэ пльагъуэкьым хуеиІц. Ди щхьэм пщІэ хуэтщІыкІу, ди акъылым кьызэщІыбыдзэр ди бзэм хуэкІуэжу дыщытмэ, дыкІуэдыжьнукьым. Ильэс 13 и пэкІэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэхуэр кьыщІэдзауэ идогъэкІуэжІ дэ. Абы и мурад нэхъыщхьэр, адыгэбзэр курыт школхэм зэрыщрагъэжьар щыкІэр егъэфІэкІыэным и мызакьуэу, апхуэдэ егъэджакІуэфІхэм я лэжьыгъэр дгъэльэпІагъ, адрейхэми пщІэ кьэхуеди ящыІну аращи, ар хьэрэзынэу кьыдэзхьулІэу кьыдолытэ. УкьыдзыхэкІа льэпкъыр фІыуэ пльагъуу щытмэ, уи анэдэлъхубзэр бгъэжьэдынукьым. Апхуэдэуди дяпэ итахэр дунейм зэрытетар. Аращ усакІуэ Бемырзэ Мухьэдин щыжиІар:

Уадыгэныр мыгурыфІ-гурыфІ,
Зи уэлиигъуэм фІэфІмэ - ульэпкьыпсэу,
Адыгэу хьуам тралъхьэмэ тезыр,
Іэшьыб пщІыжьну уи анэдэлъхубзэр.
ПІурылъу зы бзэ, уэздису зыщІ,
Льэлэну кьыщыштепсэкІэ зы дыгъэ,
Адыгэу упсэуным кьыкІыр зыщ -
Уадыгэну кьыпкъуэкІыныр щІыгъэ.

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент, Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

ХЕЙМАЩЭ Орхьэн: ДАХ-р адыгэм ди бэракъщ

Тырку

***Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент, Истамбыл щылажьэ Уэзн-Ййла Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хеймащэ Орхьэн мы махуэхэм Налшык зэрыщыІар кьэдгъэсэлэпри, «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІыщым кьедгъэблэгъащ. ДАХ-м и кьудамэ я кьыкІэ жьыджэру лажьэхэм ящыщу мы зэгухэснытъэр икІи нэгъабэ Тыркум щекІуэкІа Хасащхьэм и зэхуэсыщхэр кьыззэшГэнэщуэу щытар аращ. Хасэм и пщэ дэлъ кьалэнхэм я нэхъыщхьэр, я Іэщыгъэм кьыззэригъэльэгъуэщи, Кьэйсэр виллйетым хиубыдэ Уэзн-Ййла щІыпІэм иса адыгэ кьуажэхэм дэсахэр зэрыгъэщІэныр, зэфІэмыгъэкІуэдыныр, зыкъэсхэм я хэмыныпсыхьыжу къэгуэгурыкІуэныр. Орхьэнрэ сэрэ ди псалъэкьым и пэщІэдзэу сызыщІэупщІар я щІыпІэм зэдиса адыгэ жьыдзэр, ахэр зэрызэбгрыкІа щІыкІэрщ, нобэ зэрызэрыщІэрщ.*



- ЗУЭН-ЙЙЛА щІыпІэм шэрджэс къуажэу 65-рэ кьыдэзыщІыбыдэ, Сивас, Мараш, нэгъуэщІ вилайет гъэнагъуэхэри хэдгъэхьэмэ, псори зэхэту 74-рэ мэхъу, - жеІэ Орхьэн. - Нэхъапэм хамэ яхэмыту жьлэ псори зэхэсу щытащ. Уэзн-Ййла нэхъыбэу щыпсэуар кьэбэрдейхэращ, ахэр жьлэ 50-м нэблагъэрт, кьищынэмыщІауэ, абаазэхэ кьуажэ зыбжанэ исащ, хьэтыкъуей, абаазэ, шэшэн, къэрэшей жьлэ закъуэтІакъуи яхэтащ. Къэбэрдейхэр зэрыныхъыбэм кьыхэкІыу, кьэбэрдейбзэ зымыщІэ льэпкъ истэхьым абдеж.

ИужькІэ кьыдэкІуэтей щІэблэр еджэну, пэжжэну хуейуэ кьалэпшхуэхэм Іэпэхъуэрэ къуажэхэм куэд кьыдэнэжакъым. Истамбыл къэІуэтыжьу нобэ ди нэІэ щІэтщ.

- Орхьэн, нобэ Хасэм и Іуэху зыІутым, фи кьалэн нэхъыщхьэхэм, ахэр кьызэрыщІэхъуІэм утвэгъэпсэлтыхьынут.

- Уэзн-Ййла Адыгэ Хасэ зэрыщылажьэрэ илъэс 22-рэ мэхъу. Ар кьызэгъэпэщыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар Уэзн-Ййла щылналъэм иса адыгэ кьуажэ цІыкІухэм дэсауэ Истамбыл Іэпхъуэхэм я адыгэлъэр ящымыгъэгъупщэнырщ, я хабзэр яІэщІэмыгъэхунырщ, я бзэр ягъэшэрыуэнырщ, кьалъыкъуэкІ Іуэху гугъуэхэр зэгъусэу зэфІэхьынырщ. Абы цІыху куэд кьэкІуалІэ, ауэ сэ сыадыгэщ, си щІэр мыбы щІэлъыну сыхуейщ жьзыІэхэм я щІэ-зиэщІэхэр ттхауэ щыІэщи, ар мини 3-м ноблагъэ. Истамбыл дэтхэм ящыщу ди дзэхэтэ кьалъытэр.

Сэ илъэси 10-м щІигъуауэ сринэхъыжьщ Уэзн-Ййла Хасам. Мазэ кьэс иригъэкІуэкІ лжьыгъэхэм уатепсэлъыхьмэ, нэхъыщхьэу ди щІэблэм адыгэбзэр едгъэщІэныр, анэдэлъхубзэкІэ тхэфу, еджэфу едгъэсэныр щи зи уфы дитыр. Абы егъэджакІуэхэр щолажьэри, зэрыжьісІауэ, псом япэ идгъэщыр анэдэлъхубзэращ, ауэ школым екІуэлІэ ди ныбжьыщІэхэр дерс гуэрым хэмызагъэмэ, е предмет гуэрым нэхъ куууэ хищІыкІыну хуейм, ахэр хуабжьу сэбэп мэхъу.

КъищынэмыщІауэ, нэхъыжьыІуэхэри къыщыззэхуос Хасэм. Іуэху пыухыкІа гуэр ямыІэмэи, унэм кьыщІэкІыу уэрамым кьыдыхьа лЫжьым и бзэ, и хабзэ, и хэку нэхъ пэгъунэгъу захуищІыну хуейм», Хасэращ и гупсэхуПІэр. Апхуэдэуи гуфІэгъуэ зиІэми, гузэвэгъуэ кьызылтыкъуэкІми льэпкъ хабзэм тету и Іуэху дэхьнымкІэ унафэ щыщІыр Хасэращ. Кьыхэсэщыпхьэщ ар щІалэгъуалэм я тегъэгъпІуэи зэрыщытыр. ЕджапІэ, лжьапІэ кьиІыжьа ныбжьыщІэхэр, пщыкъэщхьэм уэрамым хьэулейуэ дэмыту, ди деж кьэокІуаІэри, зэрыщІэхэсщ, абыхэм пэш щхьэхуэ яІащи, нэхъ зыгъэпІейтэй я зыІыгъэгушхуэ Іуэхухэм щытопсэлтыхь.

Апхуэдэ дыдэу ди кьалэнхэм хохьэ унагъуэ хэущІащІахэм е зыгуэр хуэныкъуэ цІыхухэм ядэІэпыкъуныр. Ди тхауэ диІэщ мазэ кьэс ахьышхэ дызыдэІэпыкъу унагъуэхэр. Абыхэм мазэм яГэкІуэд псым, нэхум, хуабэм щІитынур, и шхыныр кьызыщІэкІынур ядот. АбыкІэ хуабжьу кьыздоІэпыкъу хьэрычэтыщІэ Іуэху яІэу Истамбыл дэс адыгэхэр.

Махуэ хэсс дызрихьэлІэ Іуэхуэхэм ящыщщ ди льэпкъэгъуэхэм Іэнатіэ кьахуэгъуэтыныр. Апхуэдэу, мы блэкІа ильэсищщ кьапщтэмэ, цІыху 213-рэ Іэнатіэ пэрыдзэуващ. ИтІанэ кьэралым ис ди льэпкъэгъу дохутыр Іэзэхэм дапыщІащи, сымаджэ диІэ хъумэ, абыхэм я деж догъэкІуэри, чэзум пэплъэу щымыс, нэхъ псынщІэу и Іуэху зэфІагъэкІ, хущъхьэхэр кьрат.

Ди Хасэм и унэр метр зэбгъэзэнатІэу миниым нос, зэкІэ бэджэндэу кьэтщтауэ дыщІэсу аращ. Абы гуфІэгъуэ Іуэхуэхэр щызэфІагъэкІ хьэрычэтыщІэу зиІэхэм, адыгэ хабзэм щыщ нэгъуэщІ дауэдапщэхэр кьыщызэрагъэпэщ. Иджы абы нэхърэ нэхъ ину унэ кьэтщтауэ дыдэ Іэпхъуэхэм ящыщ я догъэхьэзыр. Абы хэтынщ адыгэ тхыльхэр зыщІэлъ библиотекэ, цІыхухэр щыджену пэш, нэгъуэщІхэри.

- ДАХ-м кьызэщІикъуэжи илъэсищ лэжьыгъэм хьыхьэу фэри фхуэзэфІэкІа-хэм, хэхэс адыгэхэм я гур кьызэрыгъэгъуэгъуэ ящыІ Іуэхуэхэм ящыщу сыт кьыхэбгъэщынт?

- Зи хэку зрагъэбгынэу нэгъуэщІ щІэпІэ яхуэхэм тыншу, гушхуэу псэууэ зыри яхэту схужьыІэнукъым, псоми я гур адэжь льахэмкІэ кьэгъэзащІ. Ди адэжьхэм я хьэупсэпІэ нэхъыщхьэу щытар хэкум зэ Іуплъэжьныр е гъэзэжьипэныр, абы кьыщІэтэджькІа щІэблэм яГу зэгъэуэ кьэхъуэжьакъым. Щапхъэ зэрыщІэрахьэ, ар ящыІэ, ар ящыІэ, ар ящыІэ кьудей ямыІэу щыІэкъым.

● Ди хьэщІэщым

Сирием адыгэу ицыр Дамаск дэт Адыгэ ФІыщІэ Хасэм ятхащ. Унафэ зэзыльхэр зэрыльгъэбгъу мэхъу, ахэр Іэ хуаІэтуэрэ кьуахах. Хасэ псори зэхэту кьудамих мэхъу: Джолан, Кьуней трэм зы дэтщ, Дамаск кьыбгъэдэт кьуажэхэм кьудамитІ: зыр Кьудсие, адрейр - Марджэ-СулътІан. Адрей тІур - Хьомсрэ Хьэлэбрэ. Дэтхэнэ кьудамэ нэхъ цІыкІуми щхьэхуэу нэрыбгъэ бгъуэрыбгъу унафэщІу тетыжщ, ахэр зыдэс жылэхэм кьыззрагъэльагъуэм хуэдэу тедгъэувэу ащащ, пхьэидзэ хэмыту.

Кьудамэ кьэс езым кьеПхэ унагъуэхэм нэхъ хуэмыщІауэ яхэтхэр наІуэщ - абыхэм пІалъэ пыухыкІам тету яхудогъэхь зыхэпсэукІын ахъшэ. Псалъэм папщІэ, Дамаск - унагъуэ плІыщІ, Хьэлэб - щэрэ тІощІрэ хуэдиз дэсщ. Хьомс дэІэпІэкъуэгъуэ хуэныкъуэу дэсхэр ищІым ноблагъэ. Дэтхэнэ зы унагъуэми лирэ мин зыгъэ ныкъуэ щыІэ ящІ. Мыльку хэхьпІэу зыбжанэ диІэщ: заводхэм, фабрикэхэм псапащІэу щыгъын, ерыскъыу кьыгъэгъэхь. Диным кьалэну кьигъэуфэ псапэ ахъшэхэр гукъыдэж зиІэм - хьэрыпІ е адыгэ ирехъу - Хасэм кьэрахьэлІэри ахэри ятыдогушэ.

Хасэм епхауэ сабийхэм папщІэ еджапІэ зыбжанэ мэлажьэ, илъэсищым щыщІэдзауэ илъэсих ныбжьым нэс кьиубыдэу. Ахэр кьэрал еджапІэм щІэтІысхьэным хуагъэхьэзыр. Адрей хамэ кьэралыбзэхэм кьадэкІуэу, илъэсищым, илъэсиплІым, илъэситхум ит сабийкэр дэ зыхэтлъхьэжа тхыпльхэмкІэ адыгэбзэр идогъэдж. Хасэм кьепхауэ тхакІуэхэр мэлажьэ, пІалъэ гуэрым темыщІыхьауэ «Эльбрус» журнал хьэдагъэкІ. Топджэгу щІалэгъуалэ гупхэр диІэщ, езыхэм хуэдэ хамэ кьэралгъ гупхэм ядэджэгуу.

Иджыпсту нэхъ дызыгъэгузавэр мы зауэ екІуэкІ-ращи, кьэкІуэжьну гукъыдэж зиІэхэм папщІэ Урысей посольствэм дадолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым псэупІэ щызыгъуэтыфынухэм я гъэзэгур кьызІуэзыкьыфынухэм закъудоГьаэз. Ауэ, ди жагъуэ хъумэ, нобэкІэ Сирием кьимыкІыфу кьэнэнур нэхъыбэщ, аращи, Хасэ кьудамэхэм щхьэж и щІыпІэм хиубыдэ унагъуэхэм я нэІэ трагъэтщ. Псалъэм папщІэ, зауэм и зэранкІэ нэрыбгищэрэ тІощІрэ Хьомс кьиКІри Дамаск кьэкІуащ, я псэупІэр яфІэкІуэдауэ. Абыхэм дэІэпыкъуэгъуэ хуэхъэхуащ езыхэр здеКІуэлІа Хасэм и кьудамэхэр: ерыскъыи, псэупІи, кьагъэсэбэпыну хьэпшыпІ нэхъ Іэмалынышхэри Іэрагъэхьащ.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэм яхьидобжэ Хэкум студент кьэкІуэжьнущхэм гъэзгу кьахуэзІуэхынкІ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми зэман дэкІмэ езыр кьызыхэкІа унагъуэхэр кьишэжьу фынущ. Гъэ хъэс нэрыбгэ щэ ныкъуэ зыриз Адыгейми Кьэбэрдей-Балъкъэрми щыдэжну Іэмал яГуэту кьэкІуэкІащ, мы гъэм Іуэхур тІэкІу зэпыуа хъуащ, ауэ дгъэзэжьужьфыну гугъэ щыІащ. Иджыпсту Хасэм и лэжьыгъэр нэхъ зыгъэхуар гукъыдэж зиІэр Хэкум кьихьэжьыфын хуэдэу, Урысей посольствэм егъэблагъэ тхыльыр тыншу кьыщыпІэрыхьэу кьызэгъэпэщынымрэ квотэм кьиубыдэ нэрыбгэ бжьыгъэм хэгъэхъуэнымрэщ. ФІыщІэ яхудощ Сирие Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и лэжьыгъэм щІэгъэжьуэн хуэхъу Хэкум ит Хасэшхуэм и кьудамэхэм. Псори дыздэлажьэмэ, льэпкъми и хъер кьекІынщ.

ГУГУ Акрэм,
Сирием щылажьэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэ.

Щолажьэ Щам Хасэ

Сирие

Дапщэщи хуэдэу, илъэсищ блэкІам и кІэупчІкІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и пэжыгъэр зыгъэтхуэуэ щытар ди нэІэ щІэт ди льэпкъэгъуэр псэупІэрэ ерыскъыкІэ зыхуэй хуэзэныщ. Абы къыфІэкІыу - адыгагъэр, анэдэлъхубзэр, хабзэр ягу илъу ди уже ит щІэблэр къэтэджыным, гуфа-щІэхамэ и лъэр Хэкум къихъэжьын гукъыдэжыр фІэмыкІуэду дэтхэнэ зы адыгэри псэуным нужь дитщ.

● Тхьэмадэм и псалъэ

Сирием адыгэу ицыр Дамаск дэт Адыгэ ФІыщІэ Хасэм ятхащ. Унафэ зэзыльхэр зэрыльгъэбгъу мэхъу, ахэр Іэ хуаІэтуэрэ кьуахах. Хасэ псори зэхэту кьудамих мэхъу: Джолан, Кьуней трэм зы дэтщ, Дамаск кьыбгъэдэт кьуажэхэм кьудамитІ: зыр Кьудсие, адрейр - Марджэ-СулътІан. Адрей тІур - Хьомсрэ Хьэлэбрэ. Дэтхэнэ кьудамэ нэхъ цІыкІуми щхьэхуэу нэрыбгэ бгъуэрыбгъу унафэщІу тетыжщ, ахэр зыдэс жылэхэм кьыззрагъэльагъуэм хуэдэу тедгъэувэу ащащ, пхьэидзэ хэмыту.

Кьудамэ кьэс езым кьеПхэ унагъуэхэм нэхъ хуэмыщІауэ яхэтхэр наІуэщ - абыхэм пІалъэ пыухыкІам тету яхудогъэхь зыхэпсэукІын ахъшэ. Псалъэм папщІэ, Дамаск - унагъуэ плІыщІ, Хьэлэб - щэрэ тІощІрэ хуэдиз дэсщ. Хьомс дэІэпІэкъуэгъуэ хуэныкъуэу дэсхэр ищІым ноблагъэ. Дэтхэнэ зы унагъуэми лирэ мин зыгъэ ныкъуэ щыІэ ящІ. Мыльку хэхьпІэу зыбжанэ диІэщ: заводхэм, фабрикэхэм псапащІэу щыгъын, ерыскъыи кьыгъэгъэхь. Диным кьалэну кьигъэуфэ псапэ ахъшэхэр гукъыдэж зиІэм - хьэрыпІ е адыгэ ирехъу - Хасэм кьэрахьэлІэри ахэри ятыдогушэ.

Хасэм епхауэ сабийхэм папщІэ еджапІэ зыбжанэ мэлажьэ, илъэсищым щыщІэдзауэ илъэсих ныбжьым нэс кьиубыдэу. Ахэр кьэрал еджапІэм щІэтІысхьэным хуагъэхьэзыр. Адрей хамэ кьэралыбзэхэм кьадэкІуэу, илъэсищым, илъэсиплІым, илъэситхум ит сабийкэр дэ зыхэтлъхьэжа тхыпльхэмкІэ адыгэбзэр идогъэдж. Хасэм кьепхауэ тхакІуэхэр мэлажьэ, пІалъэ гуэрым темыщІыхьауэ «Эльбрус» журнал хьэдагъэкІ. Топджэгу щІалэгъуалэ гупхэр диІэщ, езыхэм хуэдэ хамэ кьэралгъ гупхэм ядэджэгуу.

Иджыпсту нэхъ дызыгъэгузавэр мы зауэ екІуэкІ-ращи, кьэкІуэжьну гукъыдэж зиІэхэм папщІэ Урысей посольствэм дадолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым псэупІэ щызыгъуэтыфынухэм я гъэзэгур кьызІуэзыкьыфынухэм закъудоГьаэз. Ауэ, ди жагъуэ хъумэ, нобэкІэ Сирием кьимыкІыфу кьэнэнур нэхъыбэщ, аращи, Хасэ кьудамэхэм щхьэж и щІыпІэм хиубыдэ унагъуэхэм я нэІэ трагъэтщ. Псалъэм папщІэ, зауэм и зэранкІэ нэрыбгищэрэ тІощІрэ Хьомс кьиКІри Дамаск кьэкІуащ, я псэупІэр яфІэкІуэдауэ. Абыхэм дэІэпыкъуэгъуэ хуэхъэхуащ езыхэр здеКІуэлІа Хасэм и кьудамэхэр: ерыскъыи, псэупІи, кьагъэсэбэпыну хьэпшыпІ нэхъ Іэмалынышхэри Іэрагъэхьащ.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэм яхьидобжэ Хэкум студент кьэкІуэжьнущхэм гъэзгу кьахуэзІуэхынкІ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми зэман дэкІмэ езыр кьызыхэкІа унагъуэхэр кьишэжьу фынущ. Гъэ хъэс нэрыбгэ щэ ныкъуэ зыриз Адыгейми Кьэбэрдей-Балъкъэрми щыдэжну Іэмал яГуэту кьэкІуэкІащ, мы гъэм Іуэхур тІэкІу зэпыуа хъуащ, ауэ дгъэзэжьужьфыну гугъэ щыІащ. Иджыпсту Хасэм и лэжьыгъэр нэхъ зыгъэхуар гукъыдэж зиІэр Хэкум кьихьэжьыфын хуэдэу, Урысей посольствэм егъэблагъэ тхыльыр тыншу кьыщыпІэрыхьэу кьызэгъэпэщынымрэ квотэм кьиубыдэ нэрыбгэ бжьыгъэм хэгъэхъуэнымрэщ. ФІыщІэ яхудощ Сирие Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и лэжьыгъэм щІэгъэжьуэн хуэхъу Хэкум ит Хасэшхуэм и кьудамэхэм. Псори дыздэлажьэмэ, льэпкъми и хъер кьекІынщ.

ГУГУ Акрэм,
Сирием щылажьэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэ.

Адыгэхэм хужаІахэм щыщ

Сыт хуэдиз кьытхуищІа дэ фэрэкІыр япэ дыдэ зыхэзыльхъа шэрджэс бзыльхъугъэм! Сыт хуэдиз сабий ажалым кьела абы и фІыгъэкІэ! ЦІыхум апхуэдэ Іуэхутхьэбзэ хуэзыщІэфа кьэхъуакъым, аращ абы фІыщІэ щІыхуэфащэр.

* * *

Адыгэр цІыху хахуэщ, щхьэмыгъаэзщ, ауэ кьанлыкьым икІи гущІэгъунщхьэкъым: ирамыхуІауэ хьы игъэжэнукьым, ирахуІэрэ зэуэн хуей хъумэ, зыпикІуэтын щыІэкъым.

ЛАПИНСКИЙ Теофил,
Польшэм щыщ щІэныгъэлІ, зауэлІ. 1857 гъэ

Адыгэпщыр шым мэшэс.
Сурэтыр **Аллан Уильям** *ящащ. 1843 гъэ*

ФІыщІэр зейхэр

Тыркум щыІэ Адыгэ Хасэхэм я федерациэм - КАФФЕД-м - и кьалэн нэхъыщхьэр зи эпщІэныгъэхэр гъэбыдэн, льабжьэр здэщІэм щхьэжьэрэ гъэлэпхъуэн Іуэхурщ. Ди кьару зэтхьэлІэрэ дыдэ зыщІэзыІуэпсэрэ аращ.

Си ГУАПЭУ кьыхэзгъэщыну сыхуейт стхьэмахуэм сыхьэт ныкъуэкІэ ди бзэкІэ нэтынхэр едгъэкІуэкІыну Тырку телевиденэм Іэмал кьызэрыщІатэр. КьищынэмыщІауэ, тыдкІэм сэ къуажэм етхуэнэ классым щегъэжьауэ тхьэмахуэм сыхьэтитІкІэ анэдэлъхубзэр едгъэджэну хуит дыкъащІащ. Иджы КАФФЕДр и ужь итщ бзэр зымыщІэ сабийхэр зэредгъэджэну щІыкІэхэмрэ тхьылъхэмрэ нубзыхуну. Ауэ ди щхьэм зэпэрапІэхэм ящыщщи анэдэлъхубзэр зригъэщІэну хуейуэ зы классым, я нэхъ мащІэрамэ, цІыхуипщІ щІэсын зэрыхуейр. ЗэрыфщІащи, адыгэхэр хэпхъэуэ зэрыпсэур икІи кьалэм ап хуэхъэ класс ящыщ щІэблэм ягъуэту, ауэ адыгэ кьуажэ цІыкІухэм абы теуухуэу гугъуэхь яІэкьым.

НобэкІэ нэхъыбэу зи ужь диту, гукъуэгъ тщыхьэр Сирием щекІуэкІ гуэзвэгъэщ, зи щхьэр мафІэм хэльи ди кьуэшэм дадэлъпыкъуныр.

Си лэжьыгъэм нэхъ пыухыкІауэ и гугъу сщІымэ, зэуэ ди хабзэжь, уэрэдыжь, макъамэжьхэр кьызэщІэскъуэжьным яужь сызэритрэ. Макьамэу миным щитІу зэхэсхьэжажащ, абы щищу щитІым псалъэр ящІыгъущ. Ахэр тету дискитІ кьыдэзгъэкІащ, нэгъуэщІ кьэралхэм щыхэхэс адыгэхэм я деж щызэхуэтхьэсыжа уэрэдхэр тету кьыдэзгъэкІыну ещанэ дискым солэжь. Ари куэд дэмыкІыу дунеим кьытеуухьэ.

Щэнхабзэр, бзэр ди щІэблэм едгъэщІэныр я пэныкъуэкІи, нэгъуэщІхэмкІи хэкум исхэм закьыхуэдгъэзащІэ зэи дагъэщІэхъуакъым. Щапхъэ нахуэхэм ящыщщи ди сабийхэм бзэр зэредгъэщІэну Іэмалхэр кьэттыхьуэу Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд зыкьыщыхуэдгъаазэм, щІэблэм кьахуэсэбэпыну ерощи зэщІикьуэу ныкъэрытхуитгъэхьар, адрей республикитІми щыпсэу ди льэпкъэгъуэхэм зэрытхуепсэлъар. Іэмалу щыІэр кьэдгъэсэбэпуэр щІэблэм бзэр идогъащІэ. АбыкІэ хэкур ди щІэгъэкьуэныфІщ. Дэ тхуэдэ льэпкъ щыкІуэм захуэмыжьэн гуращэ яІэмэ, егъэлеиуэ зыхуэсакьыжьын хуейщ. Нобэрей махуэкІэ кІуэдыжьынкІэ щынагъуэ кьызытрахьэу дуней псом кьыщыдгъытэ бзэхэм ящыщщ адыгэбзэр. Ар жагъуэщ. Бзэр зыІуры-щІэлэжьэну. Ар ди дежкІэ гуфІэгъуэщхуэщ. Апхуэдэ дыдэщ хьэрычэтыщІэ Іуэху ящІэну мыбы «хьэрычэтхэр». Абыхэм гуГуэхь гуэр кьалъыкъуэкІми ядэІэпыкъуу, зыхуэзэн хуейхэмкІи гуэрыгъэльагъуэ кьаГъэувэрэщ. Иджыри кьызыдэсыр щыІэкъым. Ар ди дежкІэ гуфІэгъуэщхуэщ. Апхуэдэ дыдэщ хьэрычэтыщІэ Іуэху ящІэну мыбы «хьэрычэтхэр». Абыхэм гуГуэхь гуэр кьалъыкъуэкІми ядэІэпыкъуу, зыхуэзэн хуейхэмкІи гуэрыгъэльагъуэ кьаГъэувэрэщ. Иджыри кьызыдэсыр щыІэкъым. Ар зи лажьэри дэращ - нэхъыжьхэрщ. АдыгэбзэкІэ тхьылхэми дыхуейщ, нобэ щІэблэм я бзэр ныкъуэщ. Ар зи лажьэри дэращ - нэхъыжьхэрщ. АдыгэбзэкІэ тхьылхэми дыхуейщ, нобэ щІэблэм я бзэр ныкъуэщ. Ар зи лажьэри дэращ - нэхъыжьхэрщ. АдыгэбзэкІэ тхьылхэми дыхуейщ, нобэ щІэблэм я бзэр ныкъуэщ.

- ДАХ-м и вице-президент тым сыт хуэдэ мурадхэр иІэ лэжьыгъэм тетхуауэ?

- Дэ нэхъыщхьэу дызэлэжьар щІыпІэ зэхуэдизкІэ щыІэ хасэхэм зэфІагъэкІыпхъэу къагъэувэрэщ. Иджыри кьызыдэсым адыгэ лъэпкъым щІэблэм бгъэзэжьыфынущ. Ар хэт и макъ нэхъ ину кьикІми, абы и Іуэху нэхъ дэкІыу тлъэгъуати, нэхъ зыкъэтІэт хуэщ. Сэ сызэрепльымкІэ, еджакІуэ кьакІуэхэм, хьэрычэтыщІэ Іуэху зэзыхуэу хэкум кьихьэхэм я бжьыгъэ кьиІуэмри дякъэкІыжьащ. ДыкъэкІуэмри дыкъэІэпхъуэжьми, къэралым и цІыху дыхъужьным папщІэ щыІэ унафэхэм хэлэжьыхьауэ ди Іуэху нэхъ тынш зэрытщІыным ижь дитыпхъэщ. ЩІэнхабзэ и лъэныкъуэкІэ нэхъыбэрэ дызэкІэлъыкІуамэ нэхъыфІт, хэкурыскэри абы нэхъ льэщ ищІынут, хэхэсхэми я бзэр, хабзэр ящхьэмжын щхьэкІэ сэбэп хъунут. ЦІыкІуэр гъэс кьэс зыгъэпсэухуакІуэ кьызэзрыдгъэкІуэм хуэдэу, ди дежи натІэу зэтедблэну си хуэпсапІэщ. Иджы дунейр цІыкІу хуэущ, Интернет щІыІэщи, зэ зэрыдгъэльагъумэ, зэрыдгъэцІыхуумэ, ахэр зэи зэфІэкІуэдыжьнукъым, зэныбжьэгъу хуэнурэ дэ дыхэмытуи езыхэр зэкІэпыкІуэнущ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм дяпэкІэ мис ахэр кьиІыпытащ Хьунт.

- Тхьэм унигъэпсэу, Орхьэн, ф

● ДАХ-м и Хасащхьэр мэлажьэ

КЪАГЪЫРМЭС Борис

Къэбэрдей

Іуащхьэмахуэ лъапэ зи тІысыпІэ,
Хэку Іумахуэу Къэбэрдей лъахэжь,
Дыбохьэх кьыптеплъэр, жэнэт щІыпІэ,
Тхьідэ уардэ уиІэм щытхъу кьелэжь.
Уэ Кавказ щІыналъэм урикупсэщ,
Тельщ лІэщІыгъуэ куэдым уи лъэужь.
Инт уи лІыгъэр, нэхут уэ уи гупсысэр,
Къэралыгъуэ куэд кьибнащ уи ужь.
Кырым хьанхэр кьыптеуам
- уафыщІырт.
Тырыкухэм машІэ яубыда уи быи!
МафІэс инхэм уи щІыгур ялыпщІырт,
Ауэ пльэкІт итІани зумытын.
Къэгъэгъэжырт уи жыг ярыщІахэр,
Къэпсэужырт лІауэ я гугъар.
УкІуэдыну уэ кьызыфІэщІахэр
КІуэдыжащ, ямыІэу зы хьыбар.
Уэ иужькІи кьомыпхъуа бий машІэ,
Я хьуэпсапІэу я лъэгушІэт уащІын.
Уапэувырт уэ абыхэм гуащІэу,
Ятебдзэфырт хуищІэу уи удын.
Уэ уи нэгу щІэкІащ Истамбылакіуэр,
Кавказ зауэ ин узылыпщІар.
Минхэр дахырт теубгъуауэ щІакІуэр,
Нэхъыбэжт Тхьэм хыр кхъэ
зыхуищІар.
Бэлыхь Іджэ уэ пшэчащ иужькІи -
Гъеи, узи, зауи бгъэунэхуащ,
Ауэ уахуэлІакъым, хэт уифыщІкІи -
Уи акъылкІэ уи гъуэгу бгъэнэхуащ.
Ноби уэ уопсэу, фІым ущыгугъыу,
ПфІэщІу уи зэфІэкІым хэмыщІа,
Къэралыгъуэ ныым удэщІыгъуу,
ЗэбгъэхъулІэу мурадыфІхэу пщІар.

КъБР, Лэскэн ЕтІуанэ къуажэ

БАЛЪКЪЭР Фоусэт

Адыгэбзэ

...Си кьалэмым кьоплыр тетрадь напэр,
Сэри сызыпэплъэр а щІэдзапІэрщ.
Си щхьэм стхынухэр щопэкІур Іуву,
Зыр зым и пэм жэрэ кьысфІиувэу.
Уэращ нобэ кьалэмыр щІэзгъабзэр,
Схьумэну уи щІыхь, си анэдэлъхубзэ!
Куущ уи пэжыр, си адыгэ псалъэ,
СиІэри уэращ сэ гъашІэ пщалъэу.
Адыгэ жьэгум и дэп мыужьхыхыу
Укьогъуэгурыкіуэ адыгэбзэр.
Уэ анэ гуапэм и макъ зэпкІ мыухыу
Дэ гъашІэу диІэм утхуоубзэрабзэ.
Ди сабий щыкІухэм урадыхьэшх
макъщ уэ,
ЗэгуэкіуантІым урауэрэд дахэщ.
Уэ ди Хэку лъапІэм урИэщ нэщэнэу.
Хамэм уэращ псом япэу и нэм фІэнэр.
Уэ мо кьурш псынэм укьыдоІущащэ,
Мо жэнэт бзухэм удоубзэрабзэр.
Кьыщоіу я щыгухэм уэ
ун макъ дахащэр
Ди бгыжьхэм, губгъэхэм,
Ди Гуэл щхъуантІэ кьабзэм.
Іущыгъэу лъэпкьым иІэм урижылэщ.
Гъуэгуанэ тетхэм гъуэмылэу уздащтэ.
Адыгэл Іущхэм лъапІэуэ уаІыгъщ уэ,
Бийм я нэхъ бзаджэр уи бзэмкІэ
догъащтэ.
Ди лъэкІыныгъэм имыІэ гъунапкъэ -
Адыгэ усэр бзууэ уафэм итщ.
УзнІэщ сэри уэ си ныжьжэгъу лъапІэу, -
Пхуэдэу схуэпэжа дунейм темыт.
Упсэу уэ куэдрэ!
Уэрщ лъэпкьым и лъабжьэр!
Упсэу уэ куэдрэ!
Дэ дыбдэпсэунщ!
УдигуфІэгъуэщ,
Уэ удиІэщ набдзэу.
Упсэу!
Упсэумэ, ди лъэпкьри псэунщ!

Налшык къалэ, 1978 гъэ

ХЬЭВЖОКЪУЭ Маждэ

ПщІыхьыфІыр мэлъэтэж

Уи удэ Іущащи, псынэ уши,
Уи Іуащхьэмахуэ ныдэж жьыбгъи,
Псынэщ Іэ къэзылъху
уэ уи къурши,
Уэгум щыхуарэз уи къуршыбгъи -
Я макъ зэщІэлъыр, Къэбэрдей,
Щыззэхызохыр сэ мыбдей.

Согужьеижыр, зыспльыхьамэ, -
Сэ кьысщхьэщытыр хамэ уафэщ,
Сызытет щІыгури сэ си хамэщ -
Си лъэгур кьесыр абы мафІэу.
ГуфІэгъуэу сиІэр, Къэбэрдей,
Уи макъ кьэІусырщ сэ си дей.

Си нэр зэтеспІэм, сэ кьысфІощІыр:
Кьыспебгъэжьауэ адэ-Хэкум
Жьыбгъэм си натІэр кьысхуильэщІу,
Жыгхэм кьыдальэу
Іэ си нэгум,
Псынэм схуиусу и уэрэд -
А псом сыгуфІэу сэ сахэт.

КьысфІощІ Сосрыкъуэ
кьихьа мафІэм
Сэ сигу пІыщІар кьигъэхуэбэжу,
Си адэжь лъэпкъым и бэ ІэфІыр
Бзэрабзэу сэ кьысІуралъхьэжу...
Гугъэ-пщІыхьыфІыр мэлъэтэж,
Сэ хэхэс щІыгум сыкъонэж.

США, Нью-Йорк

ЛУ Джихьэн

Хамэщ Іым и «фІыщІэ»

Ди лъэпкъыр и цІыху
Къалэным хуэпэжу щымыту,
ГъащІэм эы махуи хьхьакъым,
Іэщэр тІэщІэлъу хамэщІыр тхъумэжу
ДгъэщІати, зы фІыщІи,
щІыхьи пытхакъым.

Тырку, Бурсэ

КЪУНЫЖЬ Хьэішэт

Щыгъыныджэ цІыху сщІакъым,
ЩІакхъуэ Іыхьэ е хэку
кьытесхакъым.
Сэ си лъэпкъыр зы лъэпкьщ,
Си адыгэри - нэпкьщ,
Псы ежэхым Іус жылэщ.
И кьэкІуэнум гъуэмылэу
ИІэнур и хабзэрщ,
И цІыху псори сфІэкъабзэщ,
И Іумэтри сфІэІэфІщ.

* * *

Уи псым хуэдэ, уи щІым хуэдэ
ЩІыщІымыІэт мы дунейм.
Ящ кьаГьанэу уи щІым хэдэр
Уи жагъуэгъухэт, Кьэбэрдей.
Дыгъэмыс, ІэфІыпс, Абынэ,
Лабэ, Псыжь, Анэпэ, Цей -
Зэфэззэщ адыгэ унэт,
Си щІыналъэу Къэбэрдей.
Хэт мафІэскІэ, хэт и гынкІэ
УзыгъэмащІэр мымэщІа...
ЖаІэрт фІыгъуэр
уэ кьыпхуахьу,
Си щІыналъэу зигу хэщІа.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Щхьэлыкъуэ къуажэ.

ЧУРЕЙ Алий

Тхыдэ

Си адыгэ нащхъуэ,
Уи нэ нащхьуитІыр
ГъэущхъуэнтІи,
Хы щхъуантІэм хэплъэ.
Хэплъэ-хэплъи,
Хэплъагъуэр кьызжеІэ.
Псы щІыІэ дэхуабэу
Ноби хым хэтыр
КьызжеІэ зи нэпсыр.
Гупсысэ-гупсыси,
Си лъэпкьым и тхыдэр
Пэж дыдэу схуэІуатэ.
Темыхуэу и щІыгум,
ЩІыкІауэ кьикІа?
КІыфІыгъэм щигъауэу,
Гъуэгу мыгъуэ техьа?
Кьихьахэм
И лъахэр
ФІаубыду кьикІа?
КІэдэдэ уи лъэпкьыр?
Кьуэладжэ-кьуэлэдджэм
Ар щхъэ дэкъухьа?
Тхьэщыхьэ биижьхэм
Лъэужьыр яутэ.
Кьэтэджи, си нащхьуэ,
Уи лъэхъур ихьыж.
Ди Хэку дгъэгъэзэжи,
Ди тхыдэр дгъэджыж.
Инжьджи Гэрчыжьи
Я ткІуэпсхэр быдзышэу,
Ди кьуэпсыр гъэкІыж.

Истамбыл къалэ

Хасан ТХАЗЕПЛОВ

Высота души

И тот, кто посмеет
Хулой обеспечить
Ту святость Адыгов,
Чем дышит народ,
Тот, верно, не знает,
Что скоро наступит
В Адыгском Созвездье
Народов черед.

Наш мост не разрушен.
Божественной властью,
Адыги из пепла
Расправят крыла;
Себя ощутят
Человечества частью,
И путь им укажет
Святая стрела.

Воспрянет народ
Из руин лихолетий.
Вновь будет в цене
Доброта, чистота.
И снова дадим
Своим детям заветы,
Где Хабзэ, Нэмыс -
Есть души высота.

г.Нальчик

ХЪУНЭГУ Надия

Хэхэс уэрэд

Сэ сы хэхэсщ -
ЩІэкІащ Хэжужьыр нэгум.
Ауэ сыт щыгъуи
Льахэм псэр хуоэзэш.
ЛІэщІыгъуэ кІуам
Тхьэгъуш хуэхъуауэ си гур,
ГуфІэгъуи гуауи
Абы хуэзогуэш.
Жьыбгъэ унэнщэ
закъуэрщ
Си ныбжьэгъур.
Нэрымылъагъуми -
Сэщхьу ар нэщхьейщ.
Зэщыджэу кьызздехь
а жьым
ГъащІэ гугъур,
Дыззэподжэж -
ПІалъэшэу дыпІейтейщ.
Жьыр гъуэгу техьамэ -
Сэри зызоІэтыр;
ХьэпщІэууэ ари
Кьызбгъэдоуэзж, -
ДызэІэпэгъущ зеиншэ
Тхьэмыщкіитіыр, -
Дыщалъхуа унэр
Дэ кьыдолыхьэуэж.

Иордание, Амман

ШЫГЪЭЛЫГЪУЭ Мэжид

Сэ сызыхищІэу, хыри мэгъз

ЩхъуантІэщ тенджыз ФІыцІэм
И толькьунхэр...
Уэрщ кьысхуэтыр -
СыщІэлъэнут уи нэм!
Тенджыз Іуфэм сыІутщ -
Хым сыхоплъэ.
Уэрщ си гъащІэр -
Гур, зихуэзу, пполъэ.
Уэрыншэу сыпсэуну
Сэ сльэкІыжкъым -
Тенджыз ФІыцІэ Іуфэм
Льэр схуІукІыжкъым.
ЗэтегупІэжхэу
Толькьунхэр кьоущ, -
Ухыгъэ фІыцІэм
Уэрыншэу сефыщІ.
Хьуащ льаГьуныгъэр
Мы си гум из...
Сэ сызыхищІэу,
Хыри мэгъз.

Тырку, Пынарбаш

ЕФЭНДЫ Марьянэ

Си Хэку

ГуфІэгъуи гуэвэгъуи -
Дытетщ дэ псори зыщІ,
Зи льахэм имысыжхэр
ТхьэмыщкІэу сэ кьысфІощІ.
Уэрыншэу сыпсэуфкъым,
Си гъашІэр мэхъур кІэщІ.
СпэІэщІэ уэ ухьуамэ,
Сэ занщІэу согумэщІ.

Си хэкум сэ сыщитым,
Си макъыр мэхъу нэхъ льэщ.
Си льахэ, уи щІы кІапэм
Сэ щхьэщэ ныхузощІ.

Сэ дэнкІэ сымыкІуами,
Си нэгум уэ упщІэтщ.
Си гъащІэм гъуэгугъэльагъуэу
Уи бгъжьхэр кьыщхьэщытщ.

ГуфІэгъуи гуэвэгъуи -
Дытетщ дэ псори зыщІ.
Ди хэкур псом нэхъ дахэщ -
Дыхуейкьым дэ нэгъуэщІ.

Налшык къалэ

1991

Лъэпкъ махуэгъэпс

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и IX Конгрессыр нобэ Налшык къалэ къыщызэIуах

2012

ДАХ-м и епIланэ тхъэмадэ Нэхущ Заурбий

ДАХ-м и етIуанэ тхъэмадэ Щхьэлахьуэ Гъбу

ДАХ-м и ящэ тхъэмадэ Къалмыкъ Юрэ

ДАХ-м и ещанэ тхъэмадэ Акъбащ Борис

ДАХ-м и етхуанэ тхъэмадэ Дзэмыхь Къасболэт

ДАХ-м и еханэ тхъэмадэ Ажахьуэ Кьанщобий

МАЗАЕ
Февраль

Бл.	6	13	20	27
Гъу.	7	14	21	28
Бр.	1 8	15	22	29
Мху.	2 9	16	23	
Мр.	3	10	17	24
Щб.	4	11	18	25
Тхь.	5	12	19	26

ЩЫШЫЛЭ
Январь

Бл.	2	9	16	23	30
Гъу.	3	10	17	24	31
Бр.	4	11	18	25	
Мху.	5	12	19	26	
Мр.	6	13	20	27	
Щб.	7	14	21	28	
Тхь.	1 8	15	22	29	

БАДЗЭУЭГЪУЭ
Июль

Бл.	2	9	16	23	30
Гъу.	3	10	17	24	31
Бр.	4	11	18	25	
Мху.	5	12	19	26	
Мр.	6	13	20	27	
Щб.	7	14	21	28	
Тхь.	1 8	15	22	29	

ШЫЩХЬЭIУ
Август

Бл.	6	13	20	27	
Гъу.	7	14	21	28	
Бр.	1 8	15	22	29	
Мху.	2 9	16	23	30	
Мр.	3	10	17	24	31
Щб.	4	11	18	25	
Тхь.	5	12	19	26	

ДАХ-м и къызэгъэпэщакIуэ Хьэткъуэ Фатхьий
(Голландие)

ГЪАТХЭПЭ
Март

Бл.	5	12	19	26	
Гъу.	6	13	20	27	
Бр.	7	14	21	28	
Мху.	1 8	15	22	29	
Мр.	2 9	16	23	30	
Щб.	3	10	17	24	31
Тхь.	4	11	18	25	

ДАХ-м и генеральнэ секретарь МэпхуэфI Нэждэт
(Адыгей)

ДАХ-м и генеральнэ секретарь Уэхьуэ Александр
(КъШР)

ДАХ-м и къызэгъэпэщакIуэ Ефэнды Джылахьстэн
(КъБР)

ДАХ-м и къызэгъэпэщакIуэ Нало Заур
(КъБР)

Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхъэмадэ Кьардэн Самир
(Иордание)

Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхъэмадэ Абазэ Шэрэф
(Сирие)

ФОКIАДЭ
Сентябрь

Бл.	3	10	17	24	
Гъу.	4	11	18	25	
Бр.	5	12	19	26	
Мху.	6	13	20	27	
Мр.	7	14	21	28	
Щб.	1 8	15	22	29	
Тхь.	2 9	16	23	30	

МЭЛЫЖЬЫХЬ
Апрель

Бл.	2	9	16	23	30
Гъу.	3	10	17	24	
Бр.	4	11	18	25	
Мху.	5	12	19	26	
Мр.	6	13	20	27	
Щб.	7	14	21	28	
Тхь.	1 8	15	22	29	

Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ КIэкIыхьу Мэжид

ДАХ-м и тхъэмадэм и къуэдзэ IутIыж Борис
(КъБР)

ДАХ-м и тхъэмадэм и ящэ къуэдзэ Думэн Хьэсэн
(КъБР)

ДАХ-м и тхъэмадэм и ящэ къуэдзэ Сосналы СультIан
(КъБР)

ЖЭПУЭГЪУЭ
Октябрь

Бл.	1 8	15	22	29	
Гъу.	2 9	16	23	30	
Бр.	3	10	17	24	31
Мху.	4	11	18	25	
Мр.	5	12	19	26	
Щб.	6	13	20	27	
Тхь.	7	14	21	28	

Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхъэмадэ Гугу Акрэм
(Сирие)

НАКЪЫГЪЭ
Май

Бл.	7	14	21	28
Гъу.	1 8	15	22	29
Бр.	2 9	16	23	30
Мху.	3	10	17	24	31
Мр.	4	11	18	25
Щб.	5	12	19	26
Тхь.	6	13	20	27


ДАХ-м и тхъэмадэм и ящэ къуэдзэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд
(КъБР)

ГъэзэщIакIуэ гупым хэт Шыкъ Чечек
(США)

ДАХ-м и тхъэмадэм и ящэ къуэдзэ Сосналы СультIан
(КъБР)

ЩЭКIУЭГЪУЭ
Ноябрь

Бл.	5	12	19	26
Гъу.	6	13	20	27
Бр.	7	14	21	28
Мху.	1 8	15	22	29
Мр.	2 9	16	23	30
Щб.	3	10	17	24
Тхь.	4	11	18	25

ГъэзэщIакIуэ гупым хэт Къумыкъуэ Мамдухь
(Сирие)

МЭКЪУАУЭГЪУЭ
Июнь

Бл.	4	11	18	25
Гъу.	5	12	19	26
Бр.	6	13	20	27
Мху.	7	14	21	28
Мр.	1 8	15	22	29
Щб.	2 9	16	23	30
Тхь.	3	10	17	24

ДЫГЪЭГЪАЗЭ
Декабрь

Бл.	3	10	17	24	31
Гъу.	4	11	18	25	
Бр.	5	12	19	26	
Мху.	6	13	20	27	
Мр.	7	14	21	28	
Щб.	1 8	15	22	29	
Тхь.	2 9	16	23	30	

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гимн

Макъамэр ДАУР Аслъэн,
псалъэхэр IУТIЫЖ Борис *яйщ*

Адыгэ Хэку Iумахуэу
Iуащхьэмахуэ зи дыщэ таж,
Тхьэ ину псомкIи захуэм
Тыгъэ махуэу укъыдитащ.

Ежьу:
Хэкур зыгъэхэкури,
Лъэпкъыр зыгъэлъэпкъри
Ахэр псэм пэзыщIхэрщи,
Ди псэр ди Iэнэгурэ,
Ей,
Адыгэгур диIэу дывгъэпсэу!

Хэкукъутэр зи Iэужьхэм
Дунеижьым дытрапхъащ.
Дыпсэуми дыпэжыжьэу,
Адэжь хэкум псэкIэ депхащ.

Ежьу

ЩыIэхукIэ адыгэбзэр,
Ди лъэпкъ дыщэр мыкIуэдыжын.
ЗыIутым адыгэпсэ
Адыгэбзэр ихъумэжынщ.

Ежьу

Ди тхыдэм дэ къыдетыр
Гъэ мин гъащIэм дерс къытхуэхъун:
Адыгэу дунейм тетыр
ЗыкI и быну дызэкъуэтынщ!

Ежьу:
Хэкур зыгъэхэкури,
Лъэпкъыр зыгъэлъэпкъри
Ахэр псэм псэм пэзыщIхэрщи,
Ди псэр ди Iэнэгурэ,
Ей,
Адыгэгур диIэу дывгъэпсэу

ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ гупым хэт Хьэжкокъуэ Маждэ
(США)

ГъэзэщIакIуэ гупым хэта Хъупсырокъуэ Назир
(Москва)


ГъэзэщIакIуэ гупым хэт Къуцукъэ Догъан
(Тырку)

ДАХ-м и Советым хэт Хьэпай Арамбий
(Адыгей)

ГъэзэщIакIуэ гупым хэта Лыбзу Даут
(Иордание)

ГъэзэщIакIуэ гупым хэт Ныбжь Таисэ
(КъБР)

Редактор нэхъыщхьэхэр:
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд *("Адыгэ псалъэ"), «Нарт», «ЧЭ»*
ДЕРБЭ Тимур *("Адыгэ макъ")*
ТХЬЭГЪЭПСЭУ Уэвжыкъуэ *("Черкес хэку")*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 5,
ебгъуанэ-епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ,
Налшык къ., Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33,
тел. 42-35-75.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Индексыр 51531 ● Тираж 5.244 ● Заказ №2790